

Nozibèl ak twa cheve !!
yo



Tessa Welch

Wiehan de Jager

ACE Haiti-University of Notre Dame USA

3

krèyol ayisyen ht



Global Storybooks


globalstorybooks.net

Nozibèl ak twa cheve !! yo

Tessa Welch

Wiehan de Jager

ACE Haiti-University of Notre Dame USA



This work is licensed under a Creative Commons
[Attribution 3.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/3.0)
<https://creativecommons.org/licenses/by/3.0>





Nan tan lontan, twa ti fi tal chache
bwa nan yon rakbwa.



Te fè cho anpil jou sa a kidonk
timoun yo desann nan rivyè a pou
yal benyen. Yo jwe, yo voye dlo yonn
so lòt, yo naje, yo amize yo nan dlo
an.



Lè sa a, chen an konprann ke
Nozibèl tap pase! nan tenten. Chen
an pran kouri jis li rive nan vilaj la.
Men, frè Nozibèl tap tann li ak gwo
baton nan men yo. Chen an kase tèt
tounen epi yo pa janm wè li ankò.



Briskeman, yo reyalize ke te kòmanse fè ta. Yo depeche yo tounen nan vilaj yo.



Lè chen an tounen li chache Nozibèl "Nozibèl, ki kote ou ye?" "Mwen isit anba kabann lan," premye cheve a reponn. "Mwen isit dèyè pòt la," dezyèm cheve an reponn. "Mwen isit nan chodyè a" twazyèm cheve an reponn.



Lè yo prèske rive, Nozibèl pase men li nan kou li enpi li wè ke li te bliye chenn li! Li mande zamm! li yo "Tanpri tounen avè'm!". Men zamm! yo reponn ke li te twò ta.



Touswit kè chen an pati, Nozibèl pran twa cheve nan tèt li. Li mete yon grenn cheve anba kabann lan, ak yon nan chodyè a. Apre sa a, li kouri al lakay li.




Se konsa Nozibèl tounen larivyè a pou kont li. Li jwenn chenn li enpi li kouri pou'l ale lakay li. Men li pèdi nan mitan wout lan paske te fè nwa anpil.



Chak jou Nozibèl te gen pou'l kwit manje, pou'l bale, pou'l lave pou chen an. Yon jou, chen an di Nozibèl "Nozibèl, mwen gen pou'm al wè kèk zanmi. Bale kay la, kwit manje an enpi lave bagay yo anvan mwen tounen."



Pi lwen, li wè yon ti limyè kap kiere
yon ajoupa. Li kouri nan direksyon
an enpi li frape sou pòt la.



Aprè sa a, chen an di li "Fè kabann
nan pou mwenn!" Nozibèl reponn,
"Mwen pa janm fè kabann pou
chen." "Fè kabann lan oswa map
mòde ou!". Se konsa, Nozibèl fè
kabann pou chen an.



Li pa janm sezi konsa lè li wè se te yon chen ki louvri pòt la. Chen an mande'l "Ki sa ou bezwen?" Mwen pèdi sou wout mwen, mwen bezwen yon kote pou'm dòmi", "Antre oswa map mòde ou!" chen an di li. Se konsa, Nozibèl antre nan ajoupa a.



Aprè sa a, chen an di li "kwit yon manje pou mwen!" Nozibèl reponn "Men, mwen pa janm kwit manje pou chen" "Kwit oswa map mòde ou!". Se konsa, Nozibèl kwit manje pou chen an.